



AVI SOU POLITIK

Operasyon sou Teren 2024 - 7

Politik yo: Revni Pwovizwa Elijib, Politik Depatman Timoun ak Granmoun yo (DCF), ak Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA) Asistans Finansye pou Swen Timoun

Dat Antre an Vigè: 29 avril 2024

Lyen politik la: <https://www.mass.gov/collections/child-care-financial-assistance-policy-guidance-and-resources>

APÈSI

EEC ap travay pou fè chanjman enpòtan nan pwogram asistans finansye swen timoun eta a pou amonize yo avèk Règleman Asistans Finansye Swen Timoun revize yo (606 CMR 10.00) ki te antre an aplikasyon 1ye oktòb 2023. Politik aktyalize yo vini avèk règleman amelyore yo. EEC te pibliye nouvo politik pwovizwa pou reflete chanjman sa yo ki gen kòm objektif senplifye pwosesis aplikasyon an, diminye fado administratif pou fanmi yo ak pwogram yo, epi pi byen sipòte fanmi sanzabri yo, fanmi ki gen andikap yo, ak fanmi ki afekte nan vyolans domestik yo.

EEC te pibliye Gid Politik Revni Pwovizwa Elijib, Depatman Timoun ak Fanmi (DCF), ak Gid Politik Depatman Asistans Tranzisyonèl (DTA) ki an vigè apati 10/1/2023, an previzyon lòt mizajou ak lòt chanjman k ap vini. Avi [EEC Policy Advisory – Field Operations 2023 – 4 – Asistans Finansye pou Swen Timoun](#) ki nan lis tout politik pwovizwa ki te an vigè nan moman an.

Avi politik sa a mete ajou lis tout politik pwovizwa ki an vigè kounye a pou amonize yo avèk dènye chanjman teknoloji, fòmasyon ak konsèy adisyonèl. An vigè imedyatman tout Administratè Aksè Familyal yo dwe swiv politik sa yo.

Pou asistans teknik oswa klarifikasyon tanpri imèl eebsubsidymanagement@mass.gov oswa [enskri pou yon mizajou politik la](#).

APLIKABILITE

Politik sa yo aplike pou tout Administratè Aksè Familyal.

MIZAJOU TÈMINOLOJI RÈGLEMAN KLE YO

- Règleman yo kounye a gen ladan langaj ak tèminoloji ki pi enklizif ak aksesib, ki gen ladan:
 - Tèm ki pa an rapò ak sèks.
 - « Sibvansyon » chanje an « asistans finansye pou swen timoun. »
 - « Bezwen espesyal » chanje an « andikap. »
 - « Administratè Sibvansyon » chanje an « Administratè Aksè Familyal » (FAA).
 - Yo te mete deklarasyon ki pa diskriminasyon an ajou pou reflete pwoteksyon legal

- aktyèl yo.
- « Jèn Paran » chanje an « Paran ki poko gen 24 ane. »
 - « Konje Matènité » chanje an « Konje Paran. »

PRENSIPAL MIZAJOU POLITIK LA – POLITIK PWOVIZWA KI ANVIGÈ 4/XX

Revni ki elijib

Jesyon ak Kominikasyon Lis Datant

- Administratè Aksè Familyal yo dwe mete ajou Kinderwait ak nòt chak fwa yon fanmi rive jwenn yon Administratè Aksè Familyal ak/oswa kontak Administratè Aksè Familyal ak fanmi an.
- Administratè Aksè Familyal yo dwe kounye a itilize omwen de mòd kominikasyon pou rive nan fanmi yo (egzanp, lapòs, imèl, tèks, telefòn).
- Avi Disponibilite Finansman yo dwe voye bay fanmi yo pa imèl ak/oswa pa lapòs kòm premye mòd kominikasyon.
- Administratè Aksè Familyal yo dwe voye pa imèl ak lapòs pou konfime estati yon fanmi sou lis datant lan (sa vle di, konfirmasyon ak retrè).
 - Administratè Aksè Familyal ki ajoute yon fanmi nan KinderWait responsab pou voye Avi Konfirmasyon an bay fanmi an.
 - Administratè Aksè Familyal la ki retire fanmi an nan KinderWait pou nenpòt ki rezon responsab pou voye Avi Retrè a bay fanmi an ansanm ak yon Demann pou Revizyon, sa gen ladan retrè nan lis datant lan paske yo pa reponn a Avi Disponibilite Finansman an.
 - Anvan yo retire yon fanmi nan lis datant lan, Administratè Aksè Familyal la dwe fè de tantativ separe lè l sèvi avèk differan mòd kominikasyon pou rive jwenn fanmi an (egzanp, rele yon jou, imèl nan demen).
- Kòd priyorite lis datant yo te mete ajou nan KinderWait pou enkli « Ap sibi oswa te sibi Yvolans Domestik » ak « Reyabilitasyon pou Abi Sibstans (toksikomani). »
- Nan moman verifikasyon elijiblite an dousè a, Administratè Aksè Familyal la pral bay fanmi an yon lis estati aksè priyorité epi mande si fanmi an idantifye tèt li ak nenpòt nan estati yo.
 - Si fanmi an idantifye tèt li, yo dwe make kòd priyorite yo nan KinderWait. Sou baz kòd la, lòt aksyon ka bezwen poze jan sa endike nan etap elijiblite an dousè yo.
- Redefinisyon kritè debaz yo pou ofri asistans finansye pou swen timoun akòz estati priyorité.
 - Estati priyorité lis datant yo divize an 4 estati priyorité:
 - Imedyat avèk yon referans (DCF, DTA).
 - Imedyat (fanmi ki sanzabri, paran ki poko gen 24 ane, fanmi ki viktim vyolans domestik, fanmi ki gen yon paran k ap travay nan yon pwogram edikasyon ak swen bonè ak fanmi ki gen yon frè ak sè ki deja resevwa asistans finansye pou swen timoun).

- Priyorite (fanmi ki gen yon timoun oswa yon paran ki gen yon andikap ki gen ladan patisipe nan tretman abi sibstans ak/oswa reyabilitasyon, fanmi ki gen elijiblite li pou yon lòt pwogram asistans finansye pou swen timoun ap fini (egzanp Head Start), fanmi ki gen yon responsab legal tankou yon granparan ak fanmi ki gen yon paran ki aktivman deplwaye nan sèvis militè.
 - Jeneral (fanmi ki pa idantifye tèt yo ak okenn lòt estati).
- Dapre bezwen kominote a Administratè Aksè Familyal yo pral asire ekite lè yo ofri finansman bay fanmi yo lè yo gade nan:
 - Estati Priyorité
 - Yo te ajoute dat fanmi an nan lis datant lan.
 - Dat fanmi an bezwen swen.
 - Preferans pwogram fanmi an.
- Yo redefini òf disponibilite finansman ki refize yo.
 - Fanmi ki refize yon òf finansman, paske se pa pou founisè prefere yo oswa kalite pwogram prefere yo (koupon, sant, swen timoun nan fanmi, swen enfòmèl) pa pral konte kòm yon refi.

Elijiblite

- Yon fwa yo detèmine yon fanmi ki elijib pou asistans finansye pou swen timoun epi yo bay yon otorizasyon 12 mwa, fanmi an ka jwenn aksè nan swen nenpòt lè pandan peryòd 12 mwa sa a.
 - Pa egzanp, yo ka apwouve ak otorize yon fanmi k ap chèche swen pandan ete sèlman nan mwa mas ak yon plasman poujen. Sa pèmèt plis fleksibilite konsènan chwa paran yo ak kontinite swen pou fanmi ki fè tranzisyon antre ak soti nan swen pou timoun ki baze sou bezwen yo.
 - Yon fanmi ka re-otorize menm si pa gen yon plasman ki ankou, toutotan fanmi an nan delè pou re-otorize.

Revni

- Fanmi yo ka soumèt prèv revni yo te resevwa nan dènye 26 semèn yo.
- Souch peman yo pa oblige youn apre lòt.
 - 4 sou 26 semèn si se chak semèn.
 - 2 sou 26 semèn si chak de semèn/chak de mwa.
 - 1 sou 26 semèn si chak mwa.
- Fanmi ki travay pou kont yo sèlman bezwen rapòte yon mwa revni.
 - Prèv resi ak depans yo pa nesesè ankò.
- Administratè Aksè Familyal yo pa ta dwe enkli sous revni sa yo lè y ap detèmine elijiblite, yo pa kalite revni ki ka konte ankò:
 - Revni Sekirite Sosyal (SSI)
 - Revni Andikap Sekirite Sosyal (SSDI)
 - Avantaj Andikap Veteran an
 - Èd Tranzisyonèl pou Fanmi ki gen Timoun Depandan (TAFDC)
 - Child Support (Sipò pou Timoun)
- Yo ka kontinye dedui pansyon alimantè pou timoun lè yo peye I.

- Lè w ap antre peman sipò pou timoun nan sistèm asistans finansye swen timoun nan, mete yon siy mwens (-) devan montan an (egzanp -50).

Dokimantasyon Elijiblite

- ID ki ekspire yo se fòm verifikasyon ki akseptab.
 - Administratè Aksè Familyal yo ta dwe aksepte yon dokiman ki ekspire kòm prèv idantite si dokiman an otreman sifi pou etabli idantite yon paran kèlkeswa lè dokiman an ekspire.
 - Epitou, si pa gen ID ki disponib, fanmi yo ka itilize de lòt fòm oswa nenpòt lòt dokiman ki ka detèmine oswa verifye idantite.
- Fòm verifikasyon tyès pati a (2yèm paran ki pa nan kay la) kounye a obsolèt epi yo pap itilize l ankò.
 - Administratè Aksè Familyal yo pa bezwen verifye enfòmasyon sa a ankò pou lòt paran an.
- Prèv adrès kounye a sèlman obligatwa nan otorizasyon inisyal sof si yon fanmi gen yon chanjman nan adrès.
- Yo pa dwe refize yon timoun asistans finansye swen pou timoun ki baze sèlman sou omisyon yon aplikan pou demonstre sitwayènte oswa estati imigrasyon timoun k ap chèche swen an san revizyon final pa EEC. Administratè Aksè Fanmi yo ta dwe soumèt tout dokiman paran an dwe konfime estati sitwayènte/imigrasyon timoun nan pou EECSubsidyManagement@mass.gov pou revizyon.

Bezwen Sèvis

- Swen aplantan defini kòm 25 èdtan oswa plis pa semèn.
- Fanmi ki sanzabri: fanmi ki sanzabri (jan sa defini anba Tit VII-B nan Lwa McKinney-Vento sou Asistans Sanzabri (Gade 42 USC 11434a (2))) kounye a elijib pou aksè priyorité nan lis datant lan.
 - Elijibilite a ka verifye atravè yon referans sanzabri nan EOHLCL, lèt chèltè, oswa lòt dokiman jan EEC defini sa.
 - Fanmi yo pral kalifye pou swen aplantan; sa vle di pa gen okenn bezwen sèvis adisyonèl ki nesesè (bezwen sèvis ak aktivite antre nan CCFA kòm « sanzabri » ak èdtan chak semèn = 25).
 - Pa gen okenn koleksyon revni ki nesesè, epi yo pa ta dwe antre nan CCFA.
 - Fanmi yo p ap gen pou peye yon frè paran.
 - Fanmi ki sanzabri yo gen iska 6 mwa pou yo konfòme yo ak egzijans vaksinasyon ak papye fizik timoun nan.
 - Yon fanmi ki sanzabri pa gen limit de ane ankò.
- Pesonèl Edikasyon ak Swen Bonè kounye a fòmalize kòm yon estati priyorité. Sa a pa pral yon pilòt ankò.
 - Yon fanmi ki gen yon paran k ap travay kounye a nan yon pwogram edikasyon ak swen bonè ki gen lisans oswa finansman pral kalifye pou aksè imedyat nan swen pou timoun ki baze sou disponiblite finansman.
 - Founisè ak asistan Swen Timoun Familyal yo kalifye kounye a pou pran swen pwòp pitit yo si yo satisfè sèten kondisyon.

- Demann pou founisè Swen Timoun nan Fami yo pou pran swen pwòp pitit yo dwe voye nan bwat postal Sibvansyon EEC (EECSubsidyManagement@mass.gov) pou detèmine elijiblite nan moman sa a.
- Edikasyon
 - 10 kredi kolèj yo konsidere a plen tan (10 kredi x 2.5 èdtan = 25 èdtan)
 - Lekòl gradye se yon sèvis ki nesesè SÈLMAN nan re-otorizasyon epi si sèvis anvan an te bezwen edikasyon.
- Travay
 - Fanmi ki gen nouveau travay nan moman otorizasyon an ka itilize yon lèt travay oswa yon fòm verifikasyon travay (EVF).
 - Fanmi ki bay yon lèt travay oswa EVF dwe bay yon otorizasyon 12 mwa epi yo pral antre nan CCFA kòm « travay » epi yo pa « nouveau travay ».
 - Paran an dwe bay souch peman nan re-otorizasyon an.
- Andikap Paran an ka konbine avèk yon lòt bezwen sèvis. Yo ta dwe itilize fòm aktyèl la ak yon lèt.

Frè Paran yo

- Founisè yo p ap kolekte yon premye depo nan men fanmi yo ankò.
 - Sa a ranplase politik ki vle fanmi yo te peye yon premye depo chak semèn pou premye semèn yo (peye 2 semèn o total pou kòmanse) pou kouvri dènye semèn swen yo.
- EEC ap kontinye peye to ranbousman chak jou a mwens nenpòt frè paran, jiska 2 semèn oswa jiskaske dènye jou swen timoun nan, selon sa ki anvan.
- Administratè Aksè Familyal yo dwe etabli pwòp politik yo sou koleksyon frè paran yo.

Refi ak Avi Rezilyasyon

- « Abandonman sibvansyon » te elimine kòm yon rezon pou rezilyasyon.
 - Byenke fòm yo pa te mete ajou, tanpri pa sèvi ak sa kòm yon rezon.
 - Si yon fanmi kite swen yo, men li toujou gen yon otorizasyon valab 12 mwa, fanmi an ka re-aksede a swen san yo pa mete l sou lis datant lan, avèk yon Demann pou Revizyon oswa soumèt dokiman adisyonèl (sòf si te gen yon chanjman).
 - Verifye ak fanmi an si te gen chanjman nan bezwen sèvis ak/oswa revni depi dènye swen yo te fini.
- Anvan yo ka mete fen nan plasman oswa otorizasyon asistans finansye yon fanmi pou swen timoun, Administratè Aksè Familyal la dwe fè de tantativ separe lè l sèvi avèk diferan mòd komunikasyon pou rive jwenn fanmi an (egzanp, rele yon jou, voye imèl nan demen).
- Yo ka mete fen nan plasman yon timoun nan sikontans sa yo:
 - 30 absans san eksplikasyon youn apre lòt, yo ka bay yon avi rezilyasyon de semèn nan 31yèm jou a.
 - 45 jou san prezans tankou absans san eksplikasyon, yo ka bay yon avi rezilyasyon de semèn nan 46yèm jou a.
 - Rezilyasyon an aplike SÈLMAN pou plasman timoun nan, OKENN

CHANJMAN PA DWE FÈT NAN OTORIZASYON AN.

Reotorizasyon

- Fanmi yo dwe voye yon avi reotorizasyon nan omwen 60 jou anvan fen peryòd otorizasyon yo a. Peryòd tan sa a te deja 45 jou.
- Administratè Aksè Familyal la dwe fè de tantativ separe lè l sèvi avèk diferan mòd komunikasyon pou rive jwenn fanmi an (egzanp, apèl nan telefòn yon jou, imèl nan demen) pou notifye bezwen swen fanmi an pral renouvelé.
- Yo ta dwe bay yon Avi sou Refi 2 semèn anvan fen peryòd otorizasyon an.

Swen Timoun Tranzisyonèl DTA ak DCF

- Fanmi k ap chèche swen timoun nan lespas 24 mwa apre fèmti DTA oswa DCF yo ka elijib pou aksè imedyat a swen timoun. Sa a se yon ogmantasyon apati 12 mwa anvan pou DTA ak DCF yo.
 - Administratè Aksè Familyal yo ta dwe travay avèk fanmi yo pou jwenn konfirmasyon DTA ak/oswa dat fèmti ka DCF.
- Si fanmi an nan mitan yon otorizasyon DCF oswa DTA ki gen rapò ak Swen Timoun, otorizasyon an pa dwe rakousi; dat fèmti ka a pral dènye jou otorizasyon aktyèl DCF oswa DTA ki gen rapò ak Swen Timoun.
- Otorizasyon Tranzisyon an ap toujou yon tanzisyon 12 mwa konplè (gade eksepsyon ki anba a).
 - Si yo resevwa yon nouvo referans ki endike ka a te relouvri, yo ta dwe antre yon nouvo otorizasyon an akò ak referans lan.
- Peryòd Pwovizwa yo pa konte pou premye ak dezyèm delè tranzisyon 12 mwa yo.
- Frè paran yo pa pral evalye pandan premye 12 mwa swen tranzisyon timoun yo.

Enskripsyon ak Prezans

- Founisè yo pral resevwa ranbousman kounye a sou baz enskripsiyon ki baze sou otorizasyon ak plasman kit se plen tan kit se tan pasyèl. Founisè yo dwe asire fanmi yo gen yon otorizasyon ak plasman pou swen timoun epi timoun nan ap patisipe nan swen timoun nan anvan yo ka ranbouse yo.
- Gade [Avi sou Politik EEC - Operasyon sou Teren 2024 - 6 - Kòd Enskripsiyon ak Prezans CCFA.](#)

CHANJMAN POLITIK ANNATANT -

- Vyolans Domestik/Tretman pou Itilizasyon Sibstans kòm yon bezwen sèvis endependan
- Chanjman nan peryòd otorizasyon 12 mwa pou konje paran
- Chanjman nan egzijans dokimantasyon verifikasyon pou andikap timoun, paran oswa depandan
- Chanjman nan otorizasyon pwovizwa limite a 12 semèn
- Chanjman nan peryòd tan yon fanmi ka re-otorize apre otorizasyon an fini
- Chanjman nan tout fòm CCFA EEC tankou aplikasyon estanda CCFA, avi CCFA, notifikasyon Kinderwait, varyasyon ak Demann Revizyon

- Frè paran pou fanmi DCF yo ap evalye pandan dezyèm ane swen timoun tranzitwa a

RESOUS

Tanpri vizite [sit entènèt nou an Kafou pou Chanjman Pwogram Asistans Finansye pou Swen Timoun](#) pou wè enfòmasyon ki ajou, anons, ak fòmasyon sou asistans finansye pou swen timoun.

Pou asistans avèk aplikasyon oswa entèpretasyon politik pwovizwa asistans finansye pou swen timoun sa yo, kontakte EEC nan eecsubsidymanagement@mass.gov oswa [enskri pou yon mizajou politik la.](#)

OBOSOLÈT (pa sèvi ankò)

[EEC Policy Advisory – Field Operations 2023 – 4 – Asistans Finansye pou Swen Timoun](#) ki nan lis tout politik pwovizwa ki te an vigè nan moman an.